



Pou Piblikasyon Imedya: 14/08/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE NOMINASYON NAN TRIBINAL SIPRÈM, NAN DIVIZYON APÈL DEZYÈM DEPATMAN JIDISYÈ ETA NEW YORK LA

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a twa nominasyon nan Tribinal Siprèm, nan Divizyon Apèl Dezyèm Depatman Jidisyè Eta New York la. Klas sa a gen ladan l moun ki nonmen trè kalifye ki soti nan divès orijin pèsonèl ak pwofesyonèl, sa ki montre angajman Gouvènè Hochul pran pou asire sistèm jidisyè Eta New York la reflekte avèk presizyon pakèt moun ki rele New York lakay yo.

"Tribinal nou yo dwe dirije pa jij kalifye, jis ak san patipri", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Avèk plizyè deseni ane eksperyans legal ak konesans pwofon nan lwa a, twa jij sa yo pral yon ogmantasyon fòmidad nan divizyon apèl la."

Nominasyon yo gen ladan:

Onorab. Donna Marie Golia

Yo te nonmen Onorab. Donna-Marie E. Golia kòm Jij Administratif pou Zafè Kriminèl, Tribinal Siprèm Eta a, Konte Queens. Jij Golia te antre nan tribinal Eta New York la an 2013, lè li te eli pou Tribinal Sivil Vil New York, Konte Queens. Okòmansman, li te plase nan Tribinal Kriminèl Vil New York la, Konte Queens, pita li te syeje nan Tribinal Sivil, Konte Queens. Yo te deziyen li yon Jij Tribinal Siprèm enterimè an 2016, li te okipe zafè matrimonyal ak lòt bagay anplis li te jere yon kalandriye Tribinal Sivil.

Soti 2018 rive 2019, li te sèvi kòm Jij Sipèvizè, Tribinal Sivil Vil New York, Konte Queens, k ap travay avèk Jij Administratif la nan sipèvize jesyon chak jou Tribinal la. Jij Golia te eli nan Tribinal Siprèm Eta a, Konte Queens, an 2020, epi li te sèvi alafwa nan Tèm Sivil ak Kriminèl Tribinal la. Nan mwa janvye 2021, yo te nonmen li yon Jij Asosye nan Kou Apèl la, Dezyèm Depatman pou Dezyèm, Onzyèm ak Trezyèm Distri Jidisyè yo, tandè apèl nan tribinal sivil ak kriminèl ki pi ba yo nan konte Kings, Queens ak Richmond, anplis li te prezide zafè nan Tribinal Siprèm Eta a, Konte Queens.

Avan li te vin yon jij, Jij Golia te sèvi kòm yon abit tribinal epi anvan sa kòm yon grefye prensipal nan Tribinal Sisesyon, Konte Queens. Anvan sa, li te travay kòm yon asistan pwokirè distri nan Biwo Pwokirè Distri Konte Queens kote, pandan 11 ane li, li te sèvi nan plizyè biwo, tankou Biwo Envestigasyon Omisid, Pwosè Nakotik, biwo Apèl ak biwo Viktim Espesyal yo. Jij Golia se yon diplome nan Fakilte Dwa Inivèsite Vil New York la

(City University of New York, CUNY) nan Queens College. Pami asosyasyon pwofesyonèl li yo, li se yon manm Asosyasyon Bawo Fanm nan Konte Queens ak Asosiyasyon Avoka Kolonbyen (Columbian Lawyers Association), ak yon manm konsèy ak ko-prezidan komite manm nan Alèt Kansè nan Tete pou Jij ak Avoka (Judges and Lawyers Breast Cancer Alert, JALBCA). Li devlope epi prezante pwogram fòmasyon jidisyè ak lòt sou ADR ak lòt sijè.

Onorab. Phillip Hom

Jij Phillip Hom te eli nan Tribinal Sivil Queens an 2017 ak nan Tribinal Siprèm Eta New York an 2019. Li se yon Nouyòkè natif natal ak yon pwodwi fyè nan lekòl eta New York yo, li gradye nan Bronx High School of Science ak SUNY-Binghamton ak yon BA nan Syans Politik. Jij Hom te resevwa yon JD, avèk distenksyon (cum laude), nan University of Minnesota Law School. Pandan li te nan fakilte dwa, li te travay kòm yon grefye nan biwo defansè piblik Konte Hennepin.

Jij Hom te retounen nan New York apre lekòl dwa te travay nan pratik prive ak sektè piblik la nan tout twa branch gouvènman an. Li te kòmanse karyè legal li nan yon kabinè avoka New York ki espesyalize nan litij komèsyal. An 1997, li te kòmanse sèvis gouvènman li kòm yon ajans avoka pou Depatman Sèvis Sosyal Vil New York, li te pouswiv reklamasyon sivil pou rekiperasyon asistans piblik ak Medicaid.

An 2002, Jij Hom te vin Chèf Kabinè pou premye Ameriken dorijin Azyatik eli nan Konsèy Vil New York la, li te sipèvizite anplwaye Manm Konsèy la ak jere bidjè biwo a. Li te tou lyezon nan biwo lòt ofisyèl eli epi konseye Manm Konsèy la ak anplwaye yo sou zafè legal. An 2003, li te vin konseye Komite Transpò Konsèy Vil New York la kote li te ekri lwa lokal yo ak rapò politik ki gen rapò ak transpò, transpò piblik ak machin lokasyon yo. Li te ede tou fè odyans sipèvizyon Depatman Transpò ak Komisyon Taksi ak Limouzin (Taxi and Limousine Commission, TLC) Vil New York la. An 2010, li te monte nan asistan direktè inite lejislatif Konsèy la, kote li te sipèvizite anplwaye ki t ap prepare lejislasyon, rapò politik yo ak fè odyans sipèvizyon. Apre Konsèy Vil la, Jij Hom te travay kòm Adjwen Avoka Jeneral nan biwo Kontwolè Vil New York la.

Anvan li te vin yon jij, Jij Hom te retounen nan pratik prive, li te travay nan yon kabinè avoka konseye transpò, teknoloji, bank, minisipal ak lòt kliyan sou zafè regilasyon, lejislatif, travay ak lòt zafè. Nan kabinè avoka a, li te reprezante kliyan tou nan jijman devan Depatman Travay Eta New York, Depatman Transpò Eta New York, Biwo Pwosè Administratif ak Odyans Vil New York ak Tribinal Administratif Komisyon Taksi ak Limouzin Vil New York.

Onorab. James McCormack

Jij McCormack sèvi kòm yon Jij Asosye nan Manda Apèl pou Nevyèm ak Dizyèm - Dezyèm Depatman an. Li te eli nan eleksyon jeneral 15 novanm 2015.

Jij McCormack te resevwa diplòm lisans li nan New York University an 1982 ak J.D. li nan Brooklyn Law School an 1985. Apre fakilte dwa, McCormack te travay kòm yon asistan avoka distri nan Konte Nassau jiska 1998. Li te travay kòm yon avoka pratik

prive nan McCormack & McCormack soti nan 1990 rive 2005. An 2006, li te eli nan Tribinal Konte Nassau. Li te sèvi kòm Jij nan Tribinal Siprèm 10èm Distri Jidisyè a soti 2007 rive 2015.

Daprè Konsititasyon ak Lwa Jidisyè Eta New York, Gouvènè a gen otorite pou li nonmen Jij ki ap prezide nan chak Divizyon Apèl pami sila yo ki te eli kòm jij nan Tribinal Siprèm. Nominasyon sa yo pa bezwen konfimasyon Sena a.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov

Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)